

APRE SIKLÒN NAN

Kèk risk pou sante w ak fason ou kapab evite yo.
ENFOMASYON KI SOTI NAN DEPATMAN SANTE ETA FLORID (DOH).

Evite maladi ou ka pran nan MANJE

MANJE AK DLO SAL Piga manje okenn manje ki te ka rantre an kontak ak dlo sal inondasyon oswa dlo ki monte.

BWAT MANJE KI TOU PARE POU VANN Pa manje nan bwat ki domaje oswa ki louvri. Ou kapab sere bwat ki pa louvri yo depi w retire etikèt yo epi w dezenfekte yo. Mete 1/4 (yon ka) tas klowòks nan yon galon dlo pwòp, epi kite li pandan omwen 30 minit. Re-mete etikèt la sou bwat yo—ekri nan etikèt yo tou dat ekspirasyon ak ki kalite manje li ye. Konsidere manje nan bwat ki nan kay la gate epi jete yo.

LÈT NAN BWAT POU TIBEBE Tibebe yo ta dwe nourri sèlman avèk lèt nan bwat ki deja prepare pou itilize, oswa prepare lèt an poud pou tibebe oswa lèt konsantre an likid epi itilize dlo esterilize pou prepare lèt la (gade seksyon anba a ki make LÈ W AP BOUYI DLO ak LÈ W AP DEZENFEKTE DLO). Itilize sèlman bibron ak tetin ki esterilize. Se pou w mete nan frijidè rès lèt pou tibebe ou te deja prepare (si w ap bay tibebe a tete, kontinye ba li tete). Piga sèvi avèk lèt an poud ki prepare avèk dlo ki pa trete.

MANJE KONJLE AK MANJE NAN FRIJIDÈ Frijidè ak konjelatè ki pa te gen kouran depi siklòn nan ta dwe netwaye. Danre perisab sa yo pa bon pou manje.

Evite maladi ou ka pran nan DLO

TOUJOU LAVE MEN W Sèvi avèk savon ak dlo ki bouyi oswa ki dezenfekte. Lave men w anvan w manje, apre w fin itilize twalèt, apre aktivite netwayaj, epi apre w fin manyen bagay ki sal nan dlo inondasyon oswa nan dlo twou egou.

AVI POU BOUYI DLO Si yo mande pou zòn kote w ap viv la swiv yon “avi pou bouyi dlo”, ou dwe pran prekosyon kont dlo sal espesyalman si w gen yon pui prive. Si w pa si dlo a bon pou w bwè, SE POU W BWÈ DLO NAN BOUTÈY YO VANN NAN.

LÈ W AP BOUYI DLO Mete dlo a nan yon bouywa pandan yon minit pou ka anlve bakteri yo.

LÈ W AP DEZENFEKTE DLO Ajoute 8 gout klowòks ki sèvi nan kay nan chak galon dlo, melanje l, epi kite l poze pou 30 minit. Si dlo a twoub apre 30 minit, repete menm pwosedi a.

ENFEKSYON AK DLO INONDASYON Dlo inondasyon kapab gen ladan l tout kalte salte ou konn jwenn nan twou egou. Si w gen blesi oswa maleng ki ekspozé nan dlo inondasyon an, kenbe yo pwòp otank posib. Pou w fè sa, lave yo avèk savon ak dlo pwòp. Pase pomad antibyotik sou yo apre netwayaj. Si yon blezi oswa yon maleng ap vin wouj, l ap anfle oswa l ap fè pi, se pou w al wè yon doktè.

TIMOUN AK DLO INONDASYON Timoun pa ta dwe jwe nan dlo inondasyon an oswa yo pa ta dwe jwe avèk jwèt ki te nan dlo inondasyon an. Dezenfekte jwèt yo. Pou w fè sa, sèvi avèk 1/4 tas klowòks nan yon galon dlo pwòp, kite li poze pou omwen 30 minit, epi kite jwèt yo seche nan lè a.

Evite maladi ou ka pran akòz KOUTCHALÈ

SENTÒM AVÈTISMAN Anpil swè, figi w blèm, feblès, vètij, maltèt, anvì vomi (kè plen) oswa vomisman oswa etoudisman.

RAFRECHI KÒ W Bwè bwason fre ki pa gen alkòl; pran yon douch fre, yon beny fre oswa fè twalèt ou avèk eponj; abiye avèk rad ki lejè, epitou repoze w nan anvìwonman ki gen èkondisyone.

KOUTCHALÈ KAPAB LAKÒZ GWO KOUTSOLÈY Sentòm grav enkli po ki frèt ak imid, pilsasyon ki rapid epi ki fèb, epi respirasyon ki rapid epi ki fèb. Chèche jwenn swen medikal si sentòm sa yo dire pi lontan pase inèdtan, oswa si w gen pwoblèm kè oswa si w gen tansyon w ki monte byen wo.

Evite maladi ou ka pran akòz MONOKSID KABÒN (CO)

MONOKSID KABÒN SE YON GAZ KI ENVIZIB, KI PA GEN ODÈ, KI PA GEN OKENN GOU EPI KI GEN ANPIL PWAZON LADANL Li kapab lakòz fatig, feblès, doulè nan pwatrin pou moun ki souffri ak maladi kè, fè w ap esoufle, anvì vomi (kè plen), vomisman, maltèt, pwoblèm vizyon, pèt konsyans, epi, nan ka ki grav, lanmò.

PIGA ITILIZE JENERATÈ KI MACHE AK GAZ OSWA MACHIN POU LAVE AK PRESYON ANDEDAN KAY LA, PA MENM ITILIZE YO ANDEDAN GARAJ LA. PA BOULE CHABON OSWA GRIY KI MACHE AK GAZ ANDEDAN KAY LA, NAN GARAJ LA, NAN MACHIN OSWA NAN YON TANT OSWA YON CHEMINE.

SI W PANSE OU ENTOKSIKE Louvri pòt ak fenèt yo, fèmen aparèy ki mache ak gaz la epi sòti deyò. Rele 911 oswa Sant pou Enfòmasyon sou Pwazon (Poison Information Center) ki pi pre w la nan nimewo 1-800-222-1222.

Evite domaj ak blesi akòz DIFE

SÈVI AVÈK PWOJEKTÈ AK FLACH KI MACHE AK BATRI Si w ta gen pou sèvi avèk bouji, mete yo nan chandelye ki lwen rido, papye, bwa oswa lòt atik ki kapab pran dife fasil.

Evite maladi ou ka pran nan MOUSTIK

GWO LAPLI AK INONDASYON AP LAKÒZ YON OGMANTASYON NAN MOUSTIK YO Otorite sante piblik yo ap travay pou kontwole devlopman tout maladi moustik ka transmèt.

APRE KOUCHE SOLÈY LA EPI ANVAN LEVE SOLÈY LA Pa rete deyò pandan leve ak kouche solèy la lè moustik yo pi aktif.

ABIMAN Abiye avèk chemiz manch long, pantalon long ak chosèt.

DEET Sèvi avèk pwodui ki gen DEET pou ka repouse moustik yo. Yo rekòmande pwodui ki gen 30% DEET pou pifò sitiasyon. Pou plis pwoteksyon, pase pwodui pou repouse moustik yo dirèkteman sou rad ou. (Piga sèvi avèk DEET sou timoun ki poko gen 2 mwa. Kite timoun piti yo andedan kay la epi sèvi avèk vwal sou pòtez yo). Toujou li enstriksyon fabrikan an anvan w sèvi avèk yon pwodui pou repouse moustik.

DRENAJ Tcheke kay ou ak vwazinaj la epi devèse tout dlo dòmi kote moustik yo kapab ponn ze yo.

POU PLIS ENFÒMASYON RELE FLORIDA EMERGENCY LINE (LIY ETA FLORID POU IJANS) NAN NIMEWO 1-800-342-3557